



Pou Piblikasyon Imedya: 08/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ EGOU POU PLIS PASE 31 MILYON DOLA NAN VIL NEWBURGH

Investisman Leta ak Federal finanse Projè ki enkli 28 milyon dola nan sibvansyon ak 3 milyon dola nan finansman san enterè

Premye pwojè enfracstrikti dlo pwòp nan Eta New York ki reyalize avèk finansman Lwa federal Bipatit sou Enfracstrikti a

Lè Yo Modènize Enfracstrikti Dlo Ize Pwojè A Amelyore Kalite Dlo ak Rezistans Tanpèt

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Pwojè Amelyorasyon Egou Entèseptè Nò (North Interceptor) nan Vil Newburgh ki esansyèl pou pwoteje kalite dlo Rivyè Hudson ak ogmante rezistans tanpèt la. Li se premye pwojè konstriksyon enfracstrikti dlo pwòp nan Eta New York ki reyalize avèk finansman an pati nan Lwa federal Bipatit sou Enfracstrikti (Bipartisan Infrastructure Law, BIL). Investisman Leta ak Federal te finanse Projè a pou plis pase 31 milyon dola ki enkli 28 milyon dola nan sibvansyon ak 3 milyon dola nan finansman san enterè. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye jwenn finansman federal la yon fason ekitab ak efikas pou ede kominote yo antreprann epi konplete pwojè dlo ize ak dlo potab esansyèl, pou minimize enpak finansye sou kontribiyab lokal yo.

"Konbine ak investisman san presedan dlo pwòp eta nou an, finansman Lwa Bipatit sou Enfracstrikti bay yon opòtinite esansyèl pou pote amelyorasyon anviwònmanal siyifikatif ki pral pwoteje sante piblik atravè eta a pou jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon sa yo esansyèl anpil pou pwoteje anviwònman an ak amelyore kalite lavi nan Newburgh, epi administrasyon mwen an ap kontinye travay di pou jwenn finansman pou ede kominote yo antreprann ak konplete pwojè esansyèl yo, epi fè sa yon fason ki pi abòdab ke posib."

Anplis 6 milyon dola nan sibvansyon federal ak finansman san enterè nan BIL, pwojè a resevwa 15 milyon dola nan sibvansyon eta nan Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo ak pwogram Amelyorasyon Enfracstrikti Dlo, yon sibvansyon 5 milyon dola nan Fon Renouvlab Eta Dlo Pwòp, yon Sibvansyon Kominotè federal 3 milyon dola, ak yon sibvansyon 2 milyon dola ki soti nan Lwa Federal Plan Sekou Ameriken an

Investisman enpòtan eta ak federal yo te sipòte konstriksyon 8,700 pye lineyè nouvo egou, pi gran ak lòt amelyorasyon esansyèl pou ranfòse kapasite vil la pou reziste ak gwo dlo epi redwi polisyon nan Rivyè Hudson. Yo te itilize teknik inovatè mikwotinèl pou enstale plis pase 2,000 pye kanalizasyon egou anba tè, k ap redui kriz pou rezidan kominote yo epi akselere konstriksyon. Nouvo tiyo ki pi gwo yo ap ogmante kapasite sistèm yo epi redwi polisyon ki dechaje nan Rivyè Hudson lè yo detounen plis sikilasyon nan izin tretman vil la pandan move tan mouye.

New York State Environmental Facilities Corporation (EFC) ki administre finansman federal la atravè Fon Renouvlab Eta a an kowòdinasyon ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Sante. EFC te fèmen finansman federal 96 milyon dola pou uit pwojè kòm yon pati nan yon rekò 2.2 milya dola nan enfrastrikti dlo pwòp nan ane fiskal Eta 2024.

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral EFC a, Maureen A. Coleman, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, EFC angaje pou travay ak kominote lokal yo pou pwoteje kalite dlo atravè Eta New York, fè envestisman rekò pou pwoteje sante piblik ak anviwònman an pandan l ap asire pwojè sa yo abòdab. Patenarya kontinyèl EFC ak Vil Newburgh pou konplete amelyorasyon esansyèl dlo ize a ap ede amelyore kalite dlo Rivyè Hudson lan, epi ekonomize apeprè 24 milyon dola pou kontribiyab lokal yo."

Komisè pa enterim DEC la, Sean Mahar, te deklare, "Finisman pwojè amelyorasyon egou nan vil Newburgh pou 31 milyon dola pral gen yon enpak pozitif dirab pou rezidan lokal yo ak sante Rivyè Hudson. Gras a envestisman soutni ak jenerasyonèl Gouvènè Hochul nan kalite dlo finansman te ranfòse Lwa Bipatit sou Enfrastrikti Administrasyon Biden-Harris la, gwo amelyorasyon nan enfrastrikti dlo pwòp yo fini jodi a pral amelyore rezistans kominote a fas ak tampèt yo pandan y ap diminye polisyon, sa ki benefisye tout rejyon an."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen te goumen anpil pou fè adopte Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay pou ede finansman pwojè tankou Pwojè vital Amelyorasyon egou Entèseptè Nò, ki pral enstale tiyo egou modèn pou ogmante pwoteksyon kont tanpèt yo epi ede yo kenbe Rivyè Hudson pwòp. Pandan plizyè ane, mwen te travay avèk Vil Newburgh, Riverkeeper, Pwojè Dlo Pwòp nan Newburgh, ak lòt defansè lokal yo pou amelyore enfrastrikti dlo Newburgh, pou fè katye byenneme Newburgh yo vin pi an sante ak kote ki pi an sekirite pou viv ak travay. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou travay fon federal yo li itilize pou konplete premye pwojè enfrastrikti dlo pwòp nan New York avèk sipò Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay, epi mwen pral kontinye goumen pou bay fon pou sipòte kominote Hudson Valley nou yo."

Administratè Rejyonal EPA, Lisa F. Garcia, te deklare, "Menm isit la nan Newburgh, Administrasyon Biden-Harris respekte pwomès li pou l investi nan sante, ekite ak rezistans kominote yo atravè nasyon an pou leve defi jenerasyon debòde egou konbine yo. Lè nou investi nan enfrastrikti dlo ize, nou investi non sèlman nan sante yon resous natirèl moun yo renmen tankou Rivyè Hudson, men tou nan manm kominote yo

ki abite bò riv li yo. Felisitasyon pou Newburgh paske li te premye Eta New York pou konplete yon pwojè dlo pwòp ki finanse sou Lwa Bipatit Enfrastrikti. Sa a se yon etap enpòtan nan premye istwa reyisit isit la nan New York."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Dlo pwòp ta dwe aksesib pou tout Ameriken kèlkeswa kote y ap viv. Sistèm dlo ize bon jan kalite yo esansyèl pou pwoteje anviwònman an ak sante piblik la, e mwen rekonesan pou wè finansman federal itilize pou amelyore enfrastrikti esansyèl sa a. Mwen te travay di pou ede adopte Lwa Bipatit sou Enfrastrikti, e mwen fyè dèske finansman ki soti nan lejislasyon istorik sa a deja fè yon diferans pou kominote yo nan New York."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Dlo pwòp enpòtan anpil pou sante fanmi nou yo ak pou anviwònman nou an pwospere. Mwen fyè dèske pwojè sa a ki jwenn investisman istorik Lwa Bipatit sou Enfrastrikti, make yon nouvo chapit pou fanmi Newburgh pandan yap ba yo dlo pwòp jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo. M ap kontinye travay pou m pote plis investisman federal moniman sa yo lakay yo epi kontinye goumen pou dlo pwòp chak fanmi Hudson Valley merite."

Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare, "Felisitasyon pou Vil Newburgh pou konplete pwojè anviwònmantral monimantal sa a nan yon tan rekò — 2 ½ ane. Pwojè sa a te sispann 56 MILYON galon dlo ize brit ale nan Rivyè Hudson. Newburgh te pwofite yon opòtinite yon fwa nan lavi gras a finansman Lwa Federal sou Enfrastrikti, Plan Sekou Ameriken an, ak Eta a. Plis pase mwaye finansman an soti nan Eta New York — 15 milyon dola. Pwojè vital sa a te konplete avèk depans minim kontribyab Newburgh yo. Mwen remèsye manm sendika ki te travay di ak patnè mwen yo nan gouvènman Eta a, tankou Gouvènè Kathy Hochul, ansanm ak gouvènman federal ak ofisyèl lokal yo, paske pwojè sa a fini."

Majistra Newburgh Torrance R. Harvey, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann obligasyon politik pou ranfòse enfrastrikti minisipal yo pou konbat efè chanjman klimatik yo, ak obligasyon moral pou jere resous natirèl vital nou yo. Administrasyon Gouvènè Hochul te bay yon fason efikas finansman leta ak federal nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti Administrasyon Biden-Harris la dirèkteman nan Vil Newburgh pou pwojè transfòmasyon dlo pwòp sa a ke tout kominote Rivyè Hudson pral benefisye. Vil Newburgh toujou rekonesan anè Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman li pou sante rezidan nou yo, ak pou tout rezidan Hudson Valley."

Dan Shapley, Direktè prensipal Defans, Règleman ak Planifikasyon Riverkeeper te deklare, "Riverkeeper te defann pou plis pase 50 ane pou sispann polisyon nan Hudson. Pandan kominote yo ki sitiye nan pati anlè oswa anba rivyè a fè investisman pou elimine inondasyon nan enfrastrikti tretman dlo ki konbine dlo ize ak dlo lapli, pwojè sa a vle di nou pral benefisye dlo ki pi pwòp. Sa bon pou tout lavi ki depann sou Hudson, enkli nou menm, moun. Deja pifò nan rivyè a an sekirite pou naje, pi fò nan tan an - epi pwojè sa a pral ede louvri plis opòtinite pou lwazi an sekirite nan lavni. Nou vle remèsye Newburgh, ansanm ak lidè leta ak federal ki te rann finansman disponib pou pwojè tankou sa yo. Pandan n ap avanse nan pwochen sesyon lejislatif la nan Albany,

Riverkeeper pral defann angajman k ap kontinye pou Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp ak Fon Pwoteksyon Anviwònman pou kominote yo ka kontinye fè kalite amelyorasyon sa yo."

Angajman New York pou Kalite Dlo

Eta New York kontinye ogmante envèstisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2025 Gouvènè Hochul te anonse a, New York pral investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa a. Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap ede asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi asire kominote yo ka pwofite envestisman sa yo. Gouvènè a te ogmante sibvansyon WIIA pou pwojè dlo ize soti nan 25 a 50 pousan nan depans pwojè elijib nèt yo pou pi piti kominote epi ki defavorize yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT>.

Finansman sa a se anplis lòt gwo envestisman nan kalite dlo, ki gen ladan Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 4.2 milya dola elektè yo apwouve ki ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè atravè Eta New York, enkli 309 milyon ke yo mete disponib pou kominote defavorize yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)